



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 10ÈM PWOPOZISYON SOU DIKSOU ETA LETA
2020 AN: KI ELIMINE TAKS WOZ LAN**

***Gouvènè a Pral Avanse Lejislasyon pou Entèdi Diskriminasyon ki Baze sou Pri an
Fonks Sèks pou Pwodwi ak Sèvis ki Menm Jan***

***Bati sou Angajman Gouvènè a pou Adrese epi Redwi Eka sou Salè ant Sèks, ki se
yon Eleman Kle nan Agenda Fanm 2020 Gouvènè a.***

***Cuomo: "Yo pa ta dwe trete fanm yo yon fason pou fè yo viv ak yon ti kal lajan
pandan tout lavi yo akòz sèks yo - li diskriminatwa ak repiyan pa rapò a valè nou
yo epi nou ap mete yon fen nan sa".***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a dizyèm pwopozisyon ajanda Eta Leta 2020 li an - ki fèmen brèche sou entoksikasyon vyòl la. Nan kòmansman ane 1990 yo, plizyè etid rapòte diferans ant depans sibstansyèl ak pwodwi ak sèvis ki sanble ki depann de si yo te vann yo pou gason oswa pou fanm. Malgre ogmantasyon diskou piblik otou diskriminasyon pri ki baze sou sèks, rechèch resan an endike ke pwoblèm lan toujou pèsiste. Pou adrese diferans sa yo, Gouvènè a pral avanse lejislasyon pou entèdi diskriminasyon pri ki baze sou sèks pou pwodwi oswa sèvis ki sanble oswa ki parèy. Lejislasyon an ap egzije sèten founisè sèvis pou afiche lis pri pou sèvis estanda yo; biznis ki vyole lwa a ta sijè a pèn sivil yo.

"Pandan twò lontan fanm ak tifi fè fas a diskriminasyon sosyal ak ekonomik nan tout aspè nan lavi yo, men nan New York nou ap mennen batay pou yon vrè ekite sèks", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ane pase nou te fè pèman egal pou travay egal la vin yon reyalyte epi ane sa a nou pral bati sou pwogrès sa a lè nou kraze baryè ki ka anpeche fanm yo akonpli siksè finansye ki enkli taks woz la. Yo pa ta dwe trete fanm yo pou ba yo yon ti kal lajan pandan tout lavi yo akòz sèks yo - li diskriminatwa ak repiyan pa rapò a valè nou yo epi nou ap mete yon fen nan sa".

Depatman Zafè Konsomatè Vil New York la (New York City Department of Consumer Affairs) te fè yon etid an 2015 ki te analize pri jwèt, rad, pwodwi swen pèsonèl ak pwodwi sante domestik ki te sanble anpil epi yo te jwenn 42 pousan fwa, pwodwi ki sible fanm yo pi chè pase sa yo ki sible gason yo. Dapre done yo kolekte, kou machandiz pou fanm yo 7 pousan an mwayèn plis pase atik ki menm jan an pou gason yo, pou pwodwi swen pèsonèl pou fanm yo te jwenn yo pri yo 13 pousan pi wo pase pwodwi gason yo. Paske yo achte pwodwi sa yo souvan, etid la estime ke diferans ki konpoze tradwi yon fado finansye siyifikatif pou fanm pandan tout dire lavi yo.

Diferans pri sa yo gen konsekans dirab. Fanm yo pral depanse dè milye an plis pandan tout vi yo pase gason pou yo ka jwenn menm kalite pwodwi, epi pri pi wo sa yo pral gen enpak pwopòsyonèl sou revni disponib ak sou ekonomi. Anplis de sa, diferans nan eka sou salè ant sèks, ki anpeche kwasans ekonomik pou fanm yo epi ki tonbe pi lou sou fanm koulè yo, sa sèlman fè diferans pri yo pi grav.

Pandan tan li nan biwo li, Gouvènè Cuomo demontre angajman li pou diminye eka sou salè ant sèks yo. An 2016 Gouvènè a te siyen lejislasyon ki entèdi yon taks sou pwodwi menstriyasyon yo, sa ki fè New York vin youn nan premye eta ki entèdi swadizan "taks sou kotèks". An 2019, Gouvènè a te siyen yon nouvo lwa ki entèdi patwon yo pou yo pa poze kesyon oswa konsidere istwa salè yon aplikan lè y'ap pran desizyon sou anboche ak bay pwomosyon, ansanm ak lejislasyon ki egzije pèman egal pou travay similè.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)